Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 14 (7310)
1 апрель 2018 сон
ГъатIан
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

М. Дахадаев гьавуралдаса - 136 сон

## БахIарчи холаро




**БахIарчи хIакълъула хIинкъи лъаларев**
**Лъана гIаламалда, маргьуяв МахIач,**
**Цевехъан тIатуна ритIухълъи ккурав**
**ТIатана халкъалда, хвел гьечIев МахIач.**

I36 сон тIубана Дагъистаналъул халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьохъан, Дагъистаналда тIоцевесев рагъулав комиссар, граждан рагъазул бахIарчи МахIач Дахадаев гьавуралдаса. МухIамадгIали (МахIач) Дахадаев гьавуна 8 декабралда (цогидал баяназда рекъон 2 апрелалда) I882 соналда Дагъистан областалъул Авар округалъул Унсоколо росулъ маххул къебед Давудил ДахIадал хъизаналда. МахIачил эбел ХIурия йикIана мискинав векьарухъан ХIасан-ХIажиясул яс. Рохел гьечIеб, бакIал къварилъабаз къанцIулеб лъимерлъи букIана МахIачил. Гьев жеги гьитIинав чи вукIаго эменги хун, эбелги цоги чиясе росасе ун, мискинго бетIербахъун ругел гIагарлъиялъул цIобалде ккана. Эбел-инсул гьуинлъиги хинлъиги лъачIев гьес гьитIинго жиндиего чед балагьизе ккана. ГIадамаз ХIуриядаги бесдал эмен МухIамад-СултIанидаги гIайиб-гъвел гьабулеб букIана гьев гьитIинав вас рехун танилан. Гьез МахIач цIализе кьуна Хунзахъ букIараб байбихьул школалде. Гьеб школа тIокIлъигун лъугIизабиялъ МахIачие рес кьуна Темир-Хан –Щура букIараб Реалияб училищеялде цIализе лъугьине.

I900 соналда МахIачица училище лъугIизабуна ва гьелда къокълъизе течIо цIали. Гьес Петербургалъул маххул нухазул транспорталъул инженеразул институталде экзаменал кьуна.

Институталда цIалулеб заманалда М. Дахадаевас лъай-хъвай гьабуна пачаясул власталдехун рокьукъго ралагьулел хIалтIухъабазулгун ва студентазулгун. Гьесие цIикIкIараб асар гьабизе лъугьана Обуховасул рагъулаб заводалъул хIалтIухъабазул тIоцебесеб маялъулал церерахъиназ, студентазулал багъа-бачарияз. М. Дахадаев лъугьана I905-I907 соназул гIурус революциялъул жигарав гIахьалчилъун.

Россиялда бахъараб революциялъул гьури дагь-дагьккун Дагъистаналъул мугIруздаги щущалеб букIана. ГIодорлъабазул бакIазда гьединго магIарухъ ругел округаздаги унел рукIана рекьарухъабазул багъа-бачариял. Отпускаялъ росулъе вачIарав МахIач гьеб киналдаго хадуб хал ккун цо рахъалда чIун вукIинчIо. I905 соналъул 30 декабралда ансадерил кIудияб мажгиталда аскIоб гIадамазда цеве кIалъазе вахъана гьев. Гьес магIарул мискинзаби ахIулел рукIана пачаясул самодержавиялда данде чIун ярагъ кодобе босизе, налогал кьеялдаса инкар гьабизе, тIадчагIазе мукIурлъунгутIизе, бечедазда кодоса ракьал рахъизе.

М. Дахадаев чIаго вукIаго Совет власталъул тушбабазда лъалеб букIана жидее хIалхьи букIунареблъи. Ва гьез хIукму гьабуна МахIач чIвазе. Гьеб букIана I9I8 соналъул хаслихъе. Темир-Хан-Шура контреволюционераз босун хадув МахIач Левашисан магIарухъ цIиял къуватал данде гьаризе ине сапаралъ вахъуна цадахъ дагьалго гIадамалгин. Гъоркь Жунгуталдаса Гъадаралде унеб нухда дандеги рачIун Н. Тарковскиясул бандазул бетIер XI. ХIасановас нахъасан МахIачида гIадалъ таманча речIчIана. Гьедин тушбабазул квердаса камуна мискинхалкъ лагълъиялдаса эркен гьабизелъун къеркьарав инженер МахIач Дахадаев. Хиянатаб куцалъ МахIач Дахадаев чIваялъ кутакалда ццим бахъинабуна Дагъистаналъул халкъазул. Гьез тушбабаздаса къисас босана ва МахIачил анищалги гIумруялде рахъинарулаго мугIрузда эркенлъи букIинабуна.

## Баркула праздник!

ХIурматиял культураялъул хIалтIухъаби ва ветераналъ!

Къабул гьабе нужер гьайбатаб махщалил праздникги баркун гьабулеб ракI-ракIалъулаб барки. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьарула культура гIуцIулел ва цIунулел – гвангъарал, творчествалъулал, хIаракатлъи, лъикIлъи ва берцинлъи щула гьабулел, жидерго махщалие ритIухъал, гIамал-хасияталъул берцинлъаби куцалел гIадамал. Нужер кIвар кьеялъ, культуриял ишазе ритIухълъиялъ, гьеб цIунизе бахъулеб хIаракаталъ даимаб бухьен букIуна нужедехун киналго гIелазул. Гьезие гIамал-хасияталъул, рухIияб ва ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьеялда аслиял гIадамал руго нуж.

Унсоколо район кидаго чIухIулаан махщел цIикIкIарал культураялъул хIалтIухъабаздаса. ГIемерисел тIоритIулел праздникал, кружокал, фестивалал нилъер районалда лъугьана гIадатияллъун ва кIудияб къимат буго гьезул гIадамазда гьоркьоб. КIудияб чIухIилъун буго республикаялъул, федералиял конкурсазда ва выставкабазда нилъеца кколел лъикIал бакIал. Къабул гьаре ракI-ракIалъ абулел баркиялъулал рагIаби. Божарав вуго хадубккунги культурияб ирс цебетIезабиялъе ва цIуниялъе нужеца кинабго гьабизе букIиналда.

Гьарула хадурккунги гьира-шавкъ, лъугIулареб жан, творчествалъулал бергьенлъаби цIикIкIинариялъе битIккей!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бет1ер**

## КIвар бугел суалалгун



22 марталда райадминистрациялда бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана аппараталъулаб совешание. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, Собраниялъул председатель, депутатал, отделазул нухмалъулел.

Къойил темаялде босун букIана РФялъул Президент вищулев рищиял араб куцалъул, налогал ракIариялъул, культураялъул, лъай кьеялъул ва цогидалги суалал.

Данделъи рагъулаго муниципалитеталъул бетIерас баркала загьир гьабуна районалда гIуцIадго рищиял тIоритIаразе. «I8 марталда тIоритIарал РФялъул Президентасул рищиял рукIана улкаялъего кIвар бугел. Иргадулаб нухалда баркала загьир гьабизе бокьун буго гьелъулъ гIахьаллъи гьабуразе, гIуцIадго иналъе квербакъаразе. Гьеб ккола улкаялъул ишазулъ нилъеца лъураб бутIа»,-ян бихьизабуна гьес.

ЕГЭ кьеялъе гьарулел ругел хIалтIабазул бицун кIалъана Л. МухIамадгIалиев. -ТIадбараб хIадурлъи унеб буго гьабсагIаталда школазда, лъималазе гIурус мацIалъул, математикаялъул предметазда хурхун гьарулел руго консультациял.

Налогал ракIариялъул суалалда тIадчIей гьабуна М. ГIадуевас. Бихьизабуна гьаб соналъул I кварталалалъул налогал ракIари I26,I % тIубан бугин.

Гьенибго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна нилъер цIар рагIарав вас М. Дахадаев гьавураб къоялде хIадурлъизе кколин. Гьеб букIине буго 2 апрелалда. Бихьизабуна митинг букIине бугин МахIачхъалаялда вокзалалда бугеб майданалда,-абун. М. Дахадаевас исана тIубан буго I36 сон.

Гьеб къоялде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул бицана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевасги.

ГIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастановас бицана гIолилазда гьоркьоб гьабулеб бугеб хIалтIул. Бихьизабуна рухIияб гIумроялъул гIадамалги гьоркьоре рачун гIуцIизе бугин гIолеб гIелалъе тарбия кьей,-абун. КIвар кьезе бугин бихьизабуна наркоманиялде данде хIалтIи гьабиялде.

Данделъиялда иш тIаде кколезе кьуна тIадкъаял.

## Лъим чIезабиялъул суалгун

23 марталда райадминистрациялда букIана Рихьуни, Майданск, Генуб росабалъ ва Шамильхъала поселокалда лъел суалалъул ругел захIмалъаби лъугIизариялда хурхараб суалгун данделъи. Гьениб бицен ккана цIикIкIараб заманаялъ бухIараб электроэнергиялъухъ гIарац кьечIого букIиналда хурхунги. ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: «Кинго букIине бегьуларо лъим къотIизаби. Гьеб суал тIубаялде кIвар буссинабизе ккола. Нилъеда лъала лъеца чиясул гIумроялъулъ кколеб бакI. Гьелъ гIадамал отравить гьари биччазе бегьуларо. Нилъер масъала буго бацIцIадаб лъедалъун гIадамал хьезари. Жакъа къоялде гьелъ гIадамал отравить гьарурал, зарал ккарал жал ккечIо, хадубккунги гьединго бачине ккола хIалтIи. Аслияб къагIидаялда кIвар кьезе ккола гьелъухъ жанибе гIарац бачIинабиялде, гурони гIадамал лъим гьечIого хутIизе рес буго»,-ян бихьизабуна бетIерас.

РЭС ва РОЭялъул начальникасул рагIабазда рекъон гьел хIадур руго данде ккезабиялде рачIине, суал тIубазабизе ккола гIадамазе зарал ккелаpедухъ,-ян бихьизабуна гьесги.

Гьеб суалалъухъ балагьулаго бихьизабуна лъел суал республикаялъул правительствалда цебе лъезе.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 14 (7310)*

*1 апрель 2018 сон*

2 гьумер

## Баркула!

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе культураялъул хIалтIухъабазул Къоялда хурхун РДялъул Министерствалъ кьун буго «РДялъул гIемермиллатазулаб культураялъул цебетIеялъулъ лъураб бутIаялъухъ» ХIурматалъул грамота.

Райадминистрациялъул ва тIолалго учреждениял-организациязул хIалтIухъабазул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула гьесда шапакъат!

Умумазул мисал

# ГIумроялъул лъалкIал

… Доб букIана I94I соналъул 22 июнь. Каникулазул заман букIаниги цебеккунго хIадурараб планалда рекъон, цIалдохъабазе тIахьал цIалулезул конференция тIобитIизе ракIалдагун, росдал библиотекаялде щвана ГIайшат. РакIалдаго гьечIого «ГIинтIаме Москваялъухъ»,-ян репродукторалдасан Левитанил гъварараб гьаракь ргIараб мехалда, гьеб лъикIалъе гьечIолъи гьаналъ бицарабгIанги тIолабго черхги сородун, кодоса тIехь бортун ана гьалъухъа. «Цебеккунго гьабураб къотIиги хвезабун, жакъа рогьунеб заманалда нахъегIанаб куцалда Советияб ВатIаналде тIаде кIанцIана гитлерилаб фашизм»,-ян абулеб рагIарабго кинабго кIочон рокъое екерулей ГIайшатида дандчIвалел рукIана риха-хочун бакI-бакIазде рортанхъулел, яги щибго хIакъикъат лъачIого цоцада цIехолдулел гIадамал.

Цо-цо кIи-кIиккун ВатIан цIунизе ун лъедерлъулел рукIана росулъа гIолохъаби. Киналго гьез тIуразарулел рукIарал хIалтIаби хисулел рукIана руччабаз ва херал гIадамаз. Росдал школалда учительницалъун хIалтIулаго хIалтIудаса эркенаб заманалда колхозалъул хур-ахикь хIалтIаби гьаризе унаан ГIайшатги. Гьедин унел рукIана рагъул къварилъабазги, ракъи-къечалъги, рагъда чIваразул чIегIерал кагътаз къварилъаби тIиритIарал къоял. Баччулаан руччабаз магъилъе ракги, МугьитIаса оцазе базе рагIи-херги. Гьеб заманалда карточкабазда рекъон гурони кьолароан тукадаса чед, I943 соналде росулъ хутIун рукIинчIо бихьинал, хварав чи вукъулаан руччабаз,-ян бицунаан ГIайшатица.

Чиясул гIамал-хасият ва захIмат бокьи росулъ цIакъго цебелъун бихьула. Гьеб соналдаса-соналде цебе лъун бихьулеб букIана росуцоязда ва районалъе нухмалъи гьабулезда ГIайшатилъги. Гьединаб хасияталъул гIадамал хIажалъула захIматалдаса захIматал хIалтIул бутIабазда. Гьединлъидалин районалда аслияб къуватлъун хутIун ругел руччабазе нухмалъи гьабизе I944 соналда ГIайшат КПССалъул райокомалъул руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб отделалде хIалтIизе ячарай.

ГIайшатил нухмалъиялда гъоркь руччабаз гIемераб кумек гьабуна фронталъе. «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъи босиялъе гIоло»,- абураб ахIиялда гъоркь, руччабаз кьолел рукIана гъажалдаса рахъун курхьабиги, килщаздаса къиматал баргъичалги. Гьез хьухьунаан солдатазе ритIизе квасул хинал щватаби. «ЦIар лъаларев солдатасе!»,-ян тIад букъулаан хамил квербацIцIалда. Гьелъухъ Сталиница баркалаялъул кагъатги бач1ана ансадерихъе.

Доб заманалда районалда букIинчIо транспорт. Росабалъегун шагьаразде командировкаялъ унаан чуязда рекIун. -Бищун кIочонареблъун хутIана дие рагъ лъугIанилан лъазабураб I945 осналъул 9 май,-ян ракIалде щвезабулаан ГIайшатица. -Дун доб къоялъ рохалилаб митинг тIобитIизе ХъахIабросулъе ана. Рагъ лъугIанин, нилъер Советиял аскараз фашизмалда тIад бергьенлъи босанилан абураб мехалда данделъи тIобитIулеб рокъоб букIана цебеса унареб сурат. Рагъде ун т1ад руссинч1езухъ цоцада тIад журан гIодулел рукIана гьел. БитIахъе бицани лъалеб букIинчIо щал гьеб къоялъ рохун ругел, щив пашманго вугевали.

Хадуй ГIайшат АхIмадинова хIалтIана КПССалъул райкомалъул секретарьлъун ва I952-I955 соналде щвезегIан МахIачхъалаялда областалъулаб партшколалдаги цIалун хIалтIана КПССалъул райкомалъул кIиабилей секретарьлъун. Бигьаго букIинчIо районалда тIоцее партиялъулаб гIумроялде гъорлъе лъугьарай гIолохъанай магIарулалъе гIатIидго бецIал гIадатал тIоритIарал гьел соназда хасго гIолохъанал ясазда гьоркьоб хIалтIи гьабизе. Районалдайин абуни жеги цониги яс къватIие цIализе ун йикIинчIо. Гьел цIализе ритIизейин абуни дандечIей гьабулеб букIана эбел-инсуца. ТIоцее хIалалъ яс цIализе йитIизе ГIайшатида мукIур гьайизе кIвана ГьаракIуни росулъа МухIамадова ПатIимат.



Эменги гьечIого гIезаюна ва Дагъистаналъул медицинаялъул институталде цIализе йитIана жиндирго яс Загьидат. Гьелъул мисалалда хадур ана районалдаса анцI-анцI ясал…

ЛъикIаб гьечIеб хIал букIана Унсоколо сельПОялъул. КПССалъул райкомалъул бюроялъул членазул пикру ккана гьеб хIалтIуде ГIайшат йитIизе. «АскIор ругездехун тIалабчилъиялъулаб балагьи бугеб райкомалда гIадин бигьаго букIинадайха дие гьеб иш»,-ян пикру гьабулеб букIана райкомалъул секретарас жиндирго пикру бицун хадуй, рукъое ячIуней ГIайшатица. Инкар гьабизе рес букIинчIо. «Коммунист ккаралъув чармиде сверизе ккола»,-ян пикру гьабуна гьелъ. Гьелъие гурищ дун цIалун йигей? Гьедин I960 соналъул 26 сентябралда Хьаргаби районалъул пайщиказул собраниялда ГIайшат йищула Унсоколо сельПОялъул председательлъун. Гьеб заманалда Унсоколо росулъ букIана нарт бичулеб бакIги малъун 5 тукен, кIиго автомашина, I пекарня, щибаб росулъ рукIана гIадамазул рукъзабахъ рагьарал, дагьа-макъабго къайи жаниб бугел гIисиналго тукаби. Росабалъе къайи баччулаан чуязда рарал гьаказ, гьезул къадар бахунаан кIигоялде. Унсоколо букIана столовая, гьениб хIалтIизабулаан цIулаца бакулеб печь, букIинчIо ток. Председателалда цебе чIун букIана гьеб механизировать гьабиялъул, росабалъ тукаби рагьиялъул ва гIемерал цогидалги масъалаби. Типалъулал тукаби рана Унсоколо, ГьаракIуни, Генуб, Рихьуни ва цогидалги росабалъ. Площадкаялда рагьана ва мехинизировать гьабуна столовая. ТIадеги райПОялъе тIалаб гьабуна 6 автомашина. Гьелдаго цадахъ кумек гьабуна г1адамазул г1умро лъик1лъизабиялъе. Районалда цониги хъизан батиларо рукъоб гьанжесеб мебель, холодильникал, телевизорал ва цогидалги тIагIелал гьечIеб. Доб заманалда гьезул гIумро-яшав хисиялъеги квербакъулаан Г1айшатица.

Гьабураб лъикIаб иш чиясухъе тIад буссуна улкаялъул баркалабаздалъун. МустахIикъаб куцалда кIодо гьабуна ВатIаналъ ГIайшатил захIмат, ГIайшат АхIмадиновалъе кьун бук1ана «Х1урматалъул гIаламат», «ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ» орденал, «СССРалъул дармил ва потребкооперациялъул отличник»,- абураб значок, «ДАССРалъул дармил мустахIикъай хIалтIухъан»,- абураб цIар, гIемерал медалал ва грамотаби.

Жакъа гьей нилъгун гьеч1о. ГIумроялъул нухал батIи-батIиял ругониги, щивав чияс ракьалда тIад тола жиндиего хасаб лъалкI, гьев хваниги ракьалда чIаго хутIула гьесул ишал. «Жиндирго талихIалъул къебед живго вуго, дида дирго талихI батана гьалдолеб захIматалъулъ ва къеркьеялъулъ»,-ян абулаан гьелъ.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВ**А.

# М. Дахадаев - Дагъистаналъул тIоцебесеб газеталъул редактор

Дагъистаналъул печаталъеги кьучI лъуна М. Дахадаевас. Гьес кIудияб кIвар кьолеб букIана гIадатияб халкъалда бугеб ахIвал-хIал бичIчIизабиялде, пачаясул хIукуматалде ва буржуазиялде данде къеркьеялде гьел рахъинариялде, Дагъистаналда Совет хIукумат гIуцIиялде, гьеб бергьиналъе. Гьеб мурадалда гьес I9I7 соналъул 3 апрелалда Темир-Хан Шураб М. М. Мавраевасул литотипографиялда къватIибе биччана магIарул мацIалда «Заман» газета. Газета биччалейлъун М. Дахадаевас лъади Написат йихьизаюн йикIаниги, гьелъул хIакъикъияв редакторлъун ва гьеб биччалевлъунги вукIана живго.

I9I8 соналъул сентябрь моцIалда контреволюциялъ заманаялъ Дагъистаналда Совет хIукумат тIаса рехула ва гьез байбихьула Совет хIукуматалъул церехъаби ккезе ва тIагIинаризе. Революциялъул церехъаби хIажаталлъун ккола рахча-хьван чIезе.

Совет хIукумат Дагъистаналда цIидасан щулалъун хадуб, I92I соналъул I4 маялда Дагърецкомалъул хIукмуялдалъун Порт-Петровск шагьаралъе кьуна М. Дахадаевасул цIар ва гьеб лъазабуна Дагъистаналъул тахшагьарлъун. МахIач Дахадаев вукIана I9I7 соналъул 3 апрелалда бахъизе байбихьараб тIоцебесеб магIарул «Заман» газеталъул редактор. Хадуб «Заман» газета бахъизе байбихьана г1урус ва лъараг1 мац1аздаги.

# О возможности обращения граждан в подразделение по вопросам миграции в электронном виде

С целю повышения качества оказания государственных услуг населению миграционный пункт отдела МВД России по Унцукульскому району осуществляет прием заявлений граждан, поступивших в элетронном виде через Единый портал государственных и муниципальных услуг.

Граждане РФ, воспользовавшись сайтом, могут обратиться с заявлениями:

-о выдаче и замене внутреннего паспорта гражданина РФ;

-о регистрации по месту жительства и по месту пребывания;

-о получении адресно-справочной информации.

Учитывая темпы развития информационных технологий и их повсеместное внедрение, предоставление государственных услуг через Интернет приобретает все большую популярность.

Рост популярности электронных услуг понятен по следующим причинам:

-для получения той или иной услуги гражданин заполняет только одно заявление, предложенное ему на сайте. Возможность сохранения этого заявления на электронном носителе сделала процедуру еще более удобной.

-заявление можно подать в любой день и время суток, удобное для гражданина (особенно актуально для граждан, находящихся в отпуске, командировке и т. д. и не имеющих возможность своевременно обратиться с заявлением в подразделение по вопросам миграции);

-обо всех этапах рассмотрения заявления гражданин уведомляется в электронном виде;

-необходимость посещения подразделения по вопросам миграции сведена к минимуму – заявитель обращается всего один раз за получением готового документа.

-заявители, обратившиеся с электронными заявлениями, принимаются в подразделениях по вопросам миграции по отдельному графику приема разработанному с целью обеспечения приоритетного приема граждан;

-сокращается сроки оформления документов.

**Ш. ГАМЗАТОВ.**
**И. о начальника МП ОМВД России**
**По Унцукульскому району**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 14 (7310)*
*ГъатIан*
*1 апрель 2018 сон*

3 гьумер

Эбел-инсуца лъола
Лъимада гьабидал цIар,
ЦIва гIадин кунчIагиян,
Камилал лъугьагиян.

Амма гIедал гьеб гьари
ГIемерисез кколаро,
КунчIун камиллъуларо.-
Камиллъун кунчIуларо.



# Милъирщо

## Щиб жо кколеб терроризм?



Терроризм - гьеб ккола гьоркьоса къотIичIого террор хIалтIизабиялъе гIуцIараб политика. Гьеб букIана дунял бижаралдаса нахъего. Терроризм бижана власть бахъиялъе, ккеялъе ва лъугьана гьеб ишалъе кьучI лъеялъул мурадалда зулму-хIалалъулгун рахIму гьечIольиялъул идеологиялъун. Жидерго политикиял мурадал тIураялъе гIоло киналго бальгоял террораьулал обществабаз хIалтIизабулеб букIана террор. Гьелдалъун мурадалде щолелги рукIана гьел.

«Терроризм» ва «террор» абурал рагIабазул магIна ккола латын мацIалда хIинкъи, (ужас),-абураб. XVII гIасруялда терроризм рикIкIана радикалиялгун политикиял хIаракатчагIаз варварскияб къагIидаялъ, ай дагьалго гIадамаз кодоб ярагъги ккун сверухълъи жидеего яги тIалъиялъе пайдаялъе пасалъиялдалъун мутIигI гьабилъун.

XX гIасруялдаги терроризмалъул къагIидаби гIемерго церетIуна. КIиабилеб ВатIанияб рагъдаса хадуб террораьулал теория жеги батIияб къагIидаялъ цебетIуна. Гьелъул кверщаликье ккана гIадатиял, ай хIукуматалде данде чIараллъун рикIкIунел гIадамал.

Гьебго заманалда дунялалъулго террористазул организацияз Западалдаги Востокалдаги гIемерал пасалъаби гьаруна. Гьез жидерго къасдазе кумекалъе хIалтIизабулеб буго радикалияб ислам, цоцаде гьусун цоцалъ разарулел руго исламалъул течениял. Жакъасел террористазул гIаданлъиялдаса рахьарал гIассилъабаз бихьизабулеб буго терроризмалъ киналго гIорхъаби рахунел рукIин.

## «Живая классика» конкурс



Дагьал церегIан кьоязда Унсоколо № I школалда, лъай кьеялъул нухмалъулезул хIаракаталда тIобитIана анкьабилеб ТIолгороссиялъул гIолеб гIелалъул цIалдолезул «Живая классика» конкурс.

**(Ахир 4 гьумералда)**

# РагIи - Рихьуни гьоркьохъеб школалъе

## ГIурус мацI

Авар мацIалъул дарсал цIализе дие захIмалъула, щай абуни, дида гьеб мацI лъикIго лъаларо. Лъаларилан течIого, дарсал цIаличIогоги толаро.

ГIурус мацIалъул дарсал дие рокьула, гьел дида гIажаиблъунги рихьула. Дарсазда нижее хIалтIизарула батIи-батIиял къагIидаби, гIемер тIоритIула контролиял хIалтIаби. Амма бокьула дие гIурус мацIалъул авалалда яги ахиралда тIоритIулел поэзиялъул минутазда гIахьаллъи гьабизе, кучIдул рекIехъе гьалатI гьечIого цIализе.

Унго! Гьеб гIурус мацI бугеб берцинаб мацI, чан батIиял тIахьаздасан, словараздасан нижеца дарсаздаса пайда босулеб?!. Исана тIадчIей гьабун лъазабулеб буго гIурус мацIалъул захIматал бутIаби синтаксис ва пунктуация. Нижеца рагIул гIуцIабазул, мисалал рачуна Н. А. Некрасовасул, А. К. Толстоясул, Н. Гумылевасул ва цогидалги поэтазул асараздасан.

Литературараги гIурус мацIги дие гьеб маргьо буго, кидаго лъугIулареб, гвангъараб ва дир анищал тIуралеб.

Нижер мугIалим ГIайшат АхIмадовнаги релъун йикъула дида гIурус поэтазда, гьейги хьвадарухьан ккола. Гьелъ гурищ нижелъ куцараб поэзиялде, прозаялде ва драматургиялде рокьи.

Лъимал, цIале гьудулзаби тIахьал, лъазаре кучIдул, адаб гьабе гIурус мацIалъул, лъазабе гьеб гьалатI гьечIого бицине.

**ГI. ШЕЙХОВ.**
**8 «б» класс**

## «ТIоцебесеб гIазу» картинаялдасан сочинение

А. Пластовасул «ТIоцебесеб гIазу» абураб сураталь дилъ рештIинабуна рохалилаб асар. Гьениб дида бихьулеб буго хасалил къо, бараб гIазу, рагьдухье щун ругел лъимал.

РикIкIадегIан художникас рахъун руго минаби, тIохазда чIун буго хьахIаб гIазу. Хьорщол минаялда цебе эхетун буго борхатаб махил гьветI, гьелда сверун буго цIулал забор. КъотIносан чуялда хадуб бараб чангъида эхетун вуго цо кIудияв чи.

Ясги васги цIакъ рохун руго тIабигIаталдаса, гьезие цебего бокьун букIана гIазу базе. ГьадицагIи лъималазул рохел бащад гьабулеб буго. Катя тIадагьго ретIа-къан йиго, тIогьилккараб кIазги, багIаргьинаб гордеги, валенкабиги руго гьелда тIад, амма вац Коляда ретIун буго хинаб пальто, валенкаби, лъун буго тIагъур.

Сурат бахъизе художникас хIалтIизарун руго гвангъарал кьерал: хьахIал, тIогьилал, цIахIилал, канчIаб-гьацIулкьерал.

**А. МУХIАМАДОВА**
**5 «б» класс**

## ЦIуне магIарул мацI

Дие бокьула дирго магIарул мацI. Гьеб буго бищунго берцинаб, бищунго хIалимаб, бищунго гьайбатаб. Киназего бокьизе ккола жидерго мацI, гьелъие гIоло хвезеги хIадурго рукIине ккола.

Дие гIагараб, хирияб, рахьдал магIарул мацI сайгъат гьабуна эбел-инсуца. МагIарул мацIалъул хIакъалъулъ хьван руго гIемерал асарал. Бищунго берцинаблъун дица рикIкIуна Р. ХIамзатовасул «Авар мацI» абураб кечI.

**«Метер магIарул мацI хвезе батани,**
**Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун».**

Расул ХIамзатовас нилъ ахIулел руго авар мацIалъул кьимат гьабизе, гьеб цIунизе. Дир хирияв гьудулзаби, цIуне нилъерго гIагараб магIарул мацI!

## МагIарул мацI

Дир бугеб берцинаб мацI
Боржунеб лачен гIадаб,
Дир бугеб х1еренаб мацI
Чвахун унеб ицц гIадаб.
Бищун хирияб рагIул
Дир мацIалда берцинлъи,
«Баба, дада, кIудаба»-
РагIабазул гьайбатлъи.
Жиндирго мацI бокьичIев
Жиндир миллат цIуничIев,
Гьев ахIмакъан абила
Дица гьанже ракI-ракIалъ.

**ГIабидат АХIМАДОВА.**

## Хасел

Нижер росулъ хасел хинаб букIуна
Бала цо-цо гIазу, биччула дунял.
ГIуруда цIер чIвазе цIорой бачIуна
РачIинчIо исана квачарал кьоял.
Кибехунго гIаздал бицениги щиб,
ЩвечIелъул гьеб дихье урхьунги вукIун.
Дие бокьилаан рогьалил макьу
Гьоркьоса эбелалъ къотIизабизе,
«Хехго тIаде вахъа, хьахIаб дуниял
Дудаго бихьизе»,-ян гьелъ абизе.
Пикрабалъ хIулаби киса-кирего,
РачIунел, рештIунел, гIодорги чIолел.
Дун къватIивги вахъун, гIазул гаразул
ГохI сокIкIунев вуго нахърателалъе.

**Ж. АХIМАДОВ.**
**8 «б» класс**

## ЦIуне авар мацI!

Дие бокьула дирго эбелалъул гIагараб мацI, гьеб дида бихьула берцинаблъун ва хIалимаблъун. Рокьула авар мацIалъул ва адабияталъул дарсал, гьираялда цIалула М. МухIамадовасул ва Ф. ГIалиевалъул хабариял



асарал, пасихIго цIализе лъазарула Р. ХIамзатовасул, ГIабасил МахIамадил, З. Батировалъул кучIдул.

Дида киналго асаразул магIна гIагараб мацIалда лъикIго бичIчIула.

Нижер росдал гIадамал диалектикалда кIалъананиги, руго каламалъулъ цо-цо литературияб мацIалда хIалтIизарулел рагIаби: кIатIи (шал), цвватаби (чулки) ва цогидалги, гIемерисел рагIабазул абуларо ахирал.

Гьедин батила Мадина МухIамадовналъ ниж тIамулел литературияб мацI бицине, тIоритIулел батIи-батIиял тадбирал, хьвазарулел сочинениял, ургьизе тIамулел кучIдул.

Дие рекIее гIоларо; цо-цо лъималаз авар мацI бицунаго цоцада кIалъала хьачIго. МацI цIунизе ккола:
ЦIуне, хирияв лъимал, эбелалъул лъикIаб мацI,
КIалъай гьелъул рагIабаз, цIале хIалимал кучIдул.
Гьез пикраби, хиялал дагьалги бечелъила,
Дарсал рокьизе кумек киназего гьабила!

**С. ГIАЛИЕВА 8 «б» кл.**

# «Живая классика» конкурс

Байбихьаралдаса лъугIизегIан гьеб тIобитIана цIиял технологиялги хIалтIизарун. Школалъул 4 классалъул цIалдохъабаз бихьизабуна «Гурга» абураб сценка (цIияб къагIидаялда гIуцIараб).

Февраль моцIалда школалда тIобитIараб гьеб конкурсалъул районалъулаб этап тIобитIана 5-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб. I2 школаздасан 2 школа гIахьаллъичIо. Кинавниги цеве вахъана 20 цIалдохъан. ГIенеккарал пана гьаруна лъималаз цIалулел батIи-батIиял темаялъул прозаялъ. Тартибалда рекъон, щивав гIахьалчияс рекIехъе цIализе кколаан художественнияб асаралъул бутIа. Гьеб букIана школалъул программаялде гъорлъе унареб. Конкурсалда къимат кьуна лъай кьеялъул хIалтIухъабаздасан гIуцIараб ритIухъаб жюриялъ, гьелъие нухмалъи гьабуна С. ГIабдурахIмановалъ.



ТIолалго цIалдолезда гьоркьоса 4 апрелалда республикаялда бугеб конкурсалде ине тIаса рищана: А. ХIайбулаев – 7 кл. Унсоколо № I школа, У. НурмухIамадова – 6 кл., Унсоколо № 2 школа, П. Асипова – I0 кл. Унсоколо № 2 школа.

Хадубккунги рехсарал цIалдохъабазе бергьенлъаби гьарун кIалъана конкурсалъул жавабияй, методист З. ХIусейнова. Гьелъ бицана цересел саназ тIехь цIалиялъул рахъалъ цебесеб кьерда букIараб Россия гьанже нахъе ккун бугин, къваригIун бугин цIалдолел гIемерлъизе. Лъималазул гIисинго тIохьоде рокьи бижизабизе кколин. Гьелъ рес кьолин кинабго рахъалъ пикро цебетIурал гIадамал цIикIкIине. Лъай кьеялъул отделалъ бергьаразе кьуна дипломал, грамотаби.

# Сообщи, где торгуют смертью



В целях принятия мер профилактического характера, просим Вас сообщить о фактах изготовления, распространения, сбыта и употребления наркотиков, об организации наркопритонов в подвалах домов, в подъездах, во дворах и в отдельных квартирах по телефонам: тел. доверия д/ч ОМВД России по Унцукульскому району: **996033**.

1. Управление по контролю за оборотом наркотиков МВД по РД: **ул. Абубакарова 115 «а», тел. 64-12-16.**

АНОНИМНОСТЬ ГАРАНТИРУЕТСЯ!

Районалъул СМИялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Унсоколо росулъа МухIамад ва ХIусен МалламухIамадовазда, тIолабго гIагарлъиялда яц

**Загьраъ**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

# *1 апрель - релъанхъиялъул Къо*

# Рачlа релъизин!

**Релъанхъиялъул къо ккола гIемерисел улкабазда бокьулеб праздник. Цо-цо улкабазда I апрель рикIкIуна релъанхъиялъул, цойгидазда - гIабдалзабазул къолъун. Гьелъул цо ккураб версия гьечIо. I версиялда гьеб рикIкIуна НекIсияб Китаялда бижараблъун. Гьенибги гьеб байбихьаралдаса нахъе рикIкIунеб буго гIабдалзабазул къо гIадин.**

**Цо-цояз рикIкIуна Индиялда бижараб гIадин, гьениб 3I марталда кIодо гьабула махсарабазул къо. Жиб-жиб улкаялда буго гьелъул рахъалъ батIи-батIиял пикраби.**

**Кин бугониги рачIа релъизин – рохизин!**

## *ХIакимги Малла Насрудинги*

Мала Насрудинги цо пуланав чиги дагIба-рагIи ккун рачун руго росдал хIакимасухъе. Чанго къоялъ цевеги цо кинабалиго иш ккун гьевго хIакимасухъе ине ккун вукIун вуго Малла Насрудин.



Малла Насрудин вихьаравго хIакимас абун буго:

-Нечоларищ, мун Насрудин кIиабилеб нухалдаги гьаниве вачIине,-ян.

-Щиб батIаго бегьулареб жойищ гьеб бугеб?,-ян жаваб кьун буго Малла Насрудиница.

-Бегьилищха, дуда лъаларогонищ бугеб яхI-намус бугев чи гьаниве вачIунареблъи,-ян абун буго хIакимас.

-ВахI, дунали гьаниве кIиабилев нухалъ щолев вуго, мунин абуни щибаб Аллагьасул бачIараб къоялъ гьанивго гьанив вуго,-ян жаваб кьун буго Малла Насрудиница гьесие.

## *Дун гIурус буго…*

Советияб заманаялъ контракталда рекъон Кубаялдаги хIалтIун нахъ руссунел рукIана нилъер специалистал-инженерал. Гьезул цоясе бокьун букIана ракIалде щвеялъе сувенир хIисабалда гаргадулеб попугай цадахъ босизе.

Доб заманалда Кубаялдаса гьел цогидал хIукуматазде росизе гьукъун букIана. Гьаз дандбана кин гьабилебали. Таможниялде щолаго попугаялъул кIалдибе гIаракъидул чай гъуд тIуна. ХIинчI байбихьуда гIодобе биччан свадарилеб букIана.

РакIалдаго гьечIого лъугьана бищунго хIикматаб иш. БитIухъ таможниялде щварабго попугай ахIдезе лъугьуна цохIого цо жиндаго лъалеб рагIиги абун. –Дун гIурус буго, дун гIурус буго!...ян.

ХIикмалъун хутIун рукIана таможниялъулал. Биччана хIинчI жиндирго тарихияб ватIаналде. БатIайиса кинха гьабилеб?!

## *Вася, мун хIарамзада буго*

БакътIерхьул Сибирь. Рорлъарухъаби рукIунел вагонал руго авлахъалдаса 3 км. рикIкIада. КъасилъизегIанги хIалтIун бакъанида лъабавго рорлъарухъаби унел руго сордо балеб бакIалде. Цояв гьезул вилъунаго нахъе ккола ва гьес гьалмагъзабазде жив хадув гъезегIан чIаян ахIула. Гьеб рагIун нахъе ралагьарал гьезда бихьула гьеб ахIухъе авлахъаладасанги бачIун нахъисел квачIазда хадув хутIарасда цебе чIун ци. Гьас махсаро гьабун абула: «Вася, мун хIарамзада буго. Дун свакана дуда хадув лъугьиналъ»,-абун. Гьес гьудуллъиялда цидул гъажал бетIералда квер кьабула.

Жиндирго иргаялда гьелъги адаб гьечIесда гьединго кьабула ва воржинавун уна гIезегIан рикIкIада ругел хъархъалъе.

## *ТIагъур лъун хутIун буго*

Къаси кьижун буго хъизан, кьижизе жиндиего санагIатаб бакI балагьула катицаги. Лъида лъалареб катил закон. Гьеб бегула рокъоб бищун санагIатаб бакIалда ва хозяинасе санагIаталъул ургъел гьабуларо. Къасиги кету бегула росасул ботIрода жиндирго хинаб чехьги цвизабун.

Цо заманалда гъулгъудула рос. –Балагьеха дихъа тIагъур ботIрода лъун хутIун буго,-абун.

## *ЗАГСалда*

ГIолилал рачIуна загсалде ригьиналъул хъвай-хъвагIай гьабизе. Хъвай-хъвагIай гьабулаго ригьнаде лъугьунезда гьикъула. «Нуж ракIчIун божарал ругищ гьединаб кIвар бугеб гIумруялъул нухде лъугьунаго?»,-абун. –Руго,-ян жаваб кьола бахIарас. –Босун буго I0 литр гIаракъи, 30 шиша чагъир ва 5 литр спирталъул.

Районалъул СМИялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъан

**МуртазагIали**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул вацазда, хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1. 4. 18 г. 15.30
фактически -17. 50 мин.
........................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.